



**NOUVO  
LAVI A  
NAN KRIS**

**Volim 3**

---

**Viv ansanm avèk lòt yo**

Men edisyon kreyòl volim 3 Nouvo Lavi a nan Kris. Manyèl sa a gen pou wòl, mete yon baz solid nan lavi kretyen an sitou nan domèn relasyon nou avèk lòt kretyen yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon ekri oubyen telefòn nan adrès:

**Email: [info@nuevaencristo.org](mailto:info@nuevaencristo.org)**  
**[www.NewLifeDiscipleship.com](http://www.NewLifeDiscipleship.com)**

Ou kapab kopye sou òdinatè w yon kopi gratis nan liv sa a menm jan ou te fè pou volim 1 ak volim 2 a sou sit wèb:  
**[www.NewLifeDiscipleship.com](http://www.NewLifeDiscipleship.com)**

li disponib sou sit entènèt nou an, an Franse, Espanyòl, Anglè ak lòt lang ankò.

Dokiman an sou fòm PDF. Pou w ka li l, fòk ou genyen Adobe Acrobat (Reader). Acrobat la gratis epi ou kapab kopye l sou òdinatè w, epi kopye sa ki fenk parèt yo si w bezwen l nan: <http://www.adobe.com>

Kopi kapab fèt nan liv sa a, ak kondisyon ou site sous orijinal li epi ou pa chanje anyen nan sa ki ekri ni andann l ni nan fòm li.


Premye Edisyon 2005. © Mark Robinson  
Pwodwi pa Mark Robinson  
Camino Global, 8625 La Prada Dr., Dallas, TX 75228

Premye edisyon an kreyòl an 2014.  
Tradwi an kreyòl an 2014 pa Richemond Casséus an kolaborasyon ak SAMARITAN'S PURSE, pou Ayiti.

## SOMÈ

Gid Fòmatè a .....	4
1e etap: Nou youn lòt .....	6
2èm etap : Se pou nou youn renmen lòt .....	8
3èm etap : Se pou nou youn renmen lòt (rès la) .....	10
4èm etap : Se pou nou youn ankouraje lòt .....	12
5èm etap : Se pou nou youn sèvi lòt .....	14
6èm etap : Se pou nou youn sipòte lòt .....	16
7èm etap: Se pou nou youn padone lòt .....	18
8èm etap : Se pou nou youn asepte lòt .....	20
9èm etap : Se pou nou youn egzòte lòt .....	22
10èm etap : Se pou nou youn rale zòrèy lòt .....	24
11èm etap : Se pou nou youn salye lòt .....	26
12èm etap : Se pou nou youn resevwa lòt lakay yo .....	28
Apenndis.....	30

## GID FÒMATÈ A



1. Nou felisite w dèske w aksepte defi pou fè yon nouvo kwayan yon disip lè w sèvi ak manyèl «Nouvo Lavi a nan Kris» kòm gid ou. Rezilta etid sa yo ap bay donn ki p'ap janm fini.
2. Toujou kite se Bib la ki se otorite w lè w'ap reponn kesyon yo. Se disip la limenm ki fèt pou chache pasaj yo nan bib la epi eseye reponn kesyon yo ki chita sou Bib la.  
  
Gen kèk nouvo kwayan k'ap bezwen yon ti esplikasyon tou kout sou kòman pou yo jwenn referans yo nan Bib la.
3. Manyèl sa a kapab itilize plizyè fason diferan. Nan anpil ka, w'ap gen pou etidye yon leson chak semèn, ankouraje disip la fè tout devwa yo pou chak leson.
4. Bat pou seyans yo pa trò long.
5. Ankouraje disip la reponn kesyon yo ak pwòp mo pa l. Bat pou disip la pa kopye egzatemen menm pawòl ki ekri nan Bib la. Sa ap ede l reflechi pi byen sou vrè sans pawòl l'ap etidye yo.
6. Bat se pa preche pou w'ap preche. Poze l kesyon pito pou wè si l konprann, epi ankouraje l pou l patisipe avèk plis devouman.
7. Byen prepare w pou chak seyans ou pral fè. Kòm fòmètè, ou dwe fèt pou abitye ak tout sa ki gen anndan liv la, ak tout lide kle ki nan chak leson. Preparasyon w'ap fè a dwe gen ladann lapryè pou disip la epi lapryè pou pwòp kè pa w pou w ka byen dispoze pou leson an.

8. Fè disip la panse sou angajman pratik yo pou lavi l. Ede l pou l konprann bagay pratik epi espesyal pou l aplike yo.

Ekzèsis ki ankadre, a kote chak leson yo, chwazi pou sa menm. Se pou w fè yo!

9. Ede disip la devlope lakay li abitud pou l lapryè. Aprann li lapryè ou menm pandan n'ap fè l ansanm.
10. Li enpòtan pou n konprann ke fè disip se yon travay ki vo plis anpil pase etidye 13 leson ki nan «Nouvo Lavi a nan Kris.» Fè disip pote ladann yon chanjman lavi pou disip la.

Manyèl sa a se sèlman yon èd pou kòmanse. Disip la ap toujou bezwen èd pou l chache chanje karaktè l, fason l panse, abitud li yo, elatrye.

11. Li enpòtan nan dènyè limit pou disip la gen abitud tankou: li Bib la chak jou, lapryè epi aprann vèsè pa kè nan bib la. Nan kòmansman chak leson, se pou w pran tan pou w fè revizyon vèsè l te gentan aprann pa kè yo, mande l kòman afè li Bib li chak jou a ye.

Ou pa bezwen blame l si l pat gentan fin fè kèk nan devwa yo, men li nesesè pou ankouraje l pou l fè yo.

12. Se pou w sansib ak tout sa Bondye fè nan lavi disip la. Pran tan apre chak seyans pou reponn a nenpòt kesyon li ta k'a genyen, ou byen ede l pou l fè fas kare a pwoblèm li ta rankontre nan lavi pèsònèl li.


Konnen gen defwa ou pap gen tan fin touche tout kesyon ki nan leson an, paske tan an ka trò piti. Nan ka sa a, se pou diskite kesyon ki pi enpòtan yo.



**« Tout sa nou  
va vle lòt moun  
fè pou nou, fè l  
pou yo tou. »  
Lik 6:31**

# 1er etap

## « Nou youn lòt »



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Nou dwe aji ak lòt yo menm jan yo aji ak nou an.
- \_\_\_ Plis mwen pa fè moun ditò, mwen fè tout sa Bondye mande m.
- \_\_\_ Kreyen yo gen apèl pou yo ede frè yo ki nan Kris la.

### TRAVAY ANSANM

Yon misyonè an Afrik t'ap swiv de (2) moun ki gen maladi lèp ki t'ap simen grenn nan yon jaden. Youn nan yo te manke yon men: maladi lèp te manje men li yo. Lòt la pat gen pye akòz vye maladi sa a tou. Moun lalèp ki te manke yon men an te pote sou zepòl li sa ki pat gen pye a. Sa k pat gen pye a te gen sak grenn yo nan men l, li t'ap jete grenn a tè, lòt la menm avèk pye li t'ap fè grenn sa yo antre nan tè a. Ak yo de a, yo te ka fè travay yon sèl gason ki an bòn sante.

Lè nou vin jwenn Kris, nou vin manm Legliz li a : nou genyen frè ak sè nan Kris la, tout kote nan lemond. Legliz la se nouvo fanmi nou an, pwoteksyon nou epi gwoup ki tout fòs nou. Men tankou nan tout fanmi, nap lite pafwa pou n antann nou paske nou diferan youn ak lòt. Kòman nap kapab viv ansanm nan inite? An n wè kèk règ Bondye bay k'ap ede nou gen kè poze nou youn ak lòt.

### LWA WAYOM NAN

1. Lik 6:31 genyen sa yo rele «lwa wayòm nan». Rezime sa pawòl sa yo di ak pwòp mo pa w. \_\_\_\_\_



2. Ann wè kòman Lwa wayom nan la angaje l nan pasaj sa yo :

Lik 6:27 \_\_\_\_\_ epi fè \_\_\_\_\_ pou moun ki \_\_\_\_\_

Lik 6: 28 \_\_\_\_\_ pou moun \_\_\_\_\_ epi \_\_\_\_\_  
pou moun \_\_\_\_\_.

Obeji kòmandman Kris, se pa janmen fè ditò a pèsonn. Sa vle di aji byen ak yo, menm jan ou ta renmen yo aji byen ak ou. Nou pa dwe fè lòt moun mal ; men lwa wayal la ale pi lwen : Li egzòte nou pou nou aji avèk yo ak renmen, ak kè sansib, menm lè yo aji mal avèk nou.



*Senbòl sa a sinyale ou, pou ou kanpe yon moman. Pran tan pou reflechi sou zafè sa yo :  
Kòman ou ta renmen lòt moun yo aji avè w? Èske se menm jan ou aji avèk yo a?  
Èske ou chonje yon okazyon kote w te santi ou malalèz semèn sa a pandan w'ap panse fason ou te aji ak yon moun. Kòman w ou ta kapab aji avèk li pi byen?*

### KÒMAN NOU DWE AJI NOU YOUN AK LÒT?

Plizyè pasay nan Bib la itilize ekspresyon sa a «youn lòt» oubyen «nou youn lòt». Chak grenn pasay sa yo ede nou wè kòman pou n obeyi ak lwa wayom nan la ak viv nan amoni tou «nou youn avèk lòt». Ekri kòmandman an oubyen kòmandman yo ki pale nan chak grenn vèsè sa tèt ansanm :

3. Mak 9:50 \_\_\_\_\_

## PANSE SOU SA


John F. Kennedy te di yon jou :  
« ...piga ou mande peyi w la  
kisa li ka fè pou ou, men pito  
kisa ou menm ou ka fè pou  
peyi w la. »

Panse avèk angajman sa yo  
pou lavi w si w ta dwe respekte  
prensip sa a: «piga w mande  
lòt kretyen yo kisa yo ka fè pou  
ou, men pito ou menm kisa ou  
ka fè pou yo. »



## SÈVI Lòt MOUN YO

*Ki don ou genyen ki ta kapab  
ede w sèvi lòt yo? Mande pastè  
w la oubyen yon kretyen ki  
gen matirite pou moutre w nan  
ki domèn ou ta kapab itil nan  
legliz ou..*



## AFÈMISMAN

**Li Galat 1-6 epi Tit** semèn sa  
a (yon chapit pa jou).

**Aprann pa kè Lik 6:31.**

«*Tout sa nou va vle lòt moun  
fè pou nou, fè l pou yo tou.* »

4. Jan 13:34 \_\_\_\_\_
5. Women 14:13 \_\_\_\_\_
6. Women 12:15 \_\_\_\_\_
7. Women 15:1 \_\_\_\_\_
8. Women 15:2 \_\_\_\_\_
9. Women 15:7 \_\_\_\_\_
10. Women 15:14 \_\_\_\_\_
11. Women 16:16 \_\_\_\_\_
12. Galat 5:13 \_\_\_\_\_
13. Galat 5:26 \_\_\_\_\_
14. Galat 6:2 \_\_\_\_\_
15. Efezyen 4:2 \_\_\_\_\_
16. Kolosyen 3:13 \_\_\_\_\_
17. Kolosyen 3:16 \_\_\_\_\_
18. 1 Tesalonisyen 4:18 \_\_\_\_\_
19. 1 Tesalonsyen 5:11 \_\_\_\_\_ & \_\_\_\_\_
20. Ebre 10:24-25 \_\_\_\_\_  
& \_\_\_\_\_
21. Jak 5:16 \_\_\_\_\_ & \_\_\_\_\_
22. 1 Pyè 4:9 \_\_\_\_\_



Jouk kounyeya, kòman ou mennen lavi kretyèn ou ?  
Èske w te pote plis atansyon sou fason w'ap grandi oubyen  
sou fason lòt moun ap grandi ? \_\_\_\_\_

*Sou yon echèl de 1 a 10---10 kòm pi gwo nòt--- bay tèt ou yon  
nòt oumenm sou fason ou te swiv prensip «nou youn lòt».*

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

*Chwazi youn nan karakteristik ki mansyone nan leson sa a pou wè  
sou ki sa nan yo ou kapab peze semèn sa a. Sou kisa ?*

*Kòman ou kapab itilize karakteristik sa a, semèn sa pou genyen pi  
bon rapò avèk lòt kretyen yo ? Se pou w dirèk (klè).*



## 2èm etap Nou youn renmen lòt

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Renmen lòt kretyen yo ap montre moun yo, nou se vrèman pitit Bondye.  
 \_\_\_ Ou kapab renmen Bondye epi rayi yon moun an menm tan.  
 \_\_\_ Vrè lanmou an ap manifeste nan aksyon nou yo e non nan sa n ap di.

### RENMEN FRÈ M AK SÈ MWEN YO

Pandan ke nou dwe renmen tout moun, nou resevwa lòd pou n renmen espesyalman frè nou ak sè nou nan Kris la. (1 Pyè 2:17). Kòm fanmi, nou gen responsablite pou nou pran swen nou youn lòt epi soutni youn lòt. Legliz nou ta dwe yon refij kote pou nou fè leksperyans linite ak lanmou ki parèt ra anpil nan mond n'ap viv jodi a.

1. Poukisa renmen lòt kretyen yo enpòtan ? Jan 13:34-35

v. 34 \_\_\_\_\_

v. 35 \_\_\_\_\_

Renmen lòt kretyen yo se pa yon senp kòmandman, se tankou yon inifòm ki idantifye nou kòm disip Kris epi ki distenge nou ak sila yo ki poko konnen li.

2. Kiyès ki modèl nou nan sa ki konsène lanmou? v. 34 \_\_\_\_\_




*Women 5:6-8 di Bondye renmen nou, non se pa paske nou merite sa men se akòz lanmou li, se nan nati renmen li an (1 Jan 4:8). Renmen Kris la panse ak lòt moun yo, pandan ke renmen lemond la ap montre nou an, se chak koukouy klere pou je w: li mande «ki benefis m'ap jwenn ? » Panse ak lanmou ou genyen pou frè ak sè ou yo ki kretyen. Èske ou kapab konsidere l kòm yon lanmou ki enterese ak lòt yo oubyen san kondisyon ? Èske w panse plis ak lòt yo oubyen plis a tèt pa ou?*

3. Lanmou se plis ke yon santiman ki gen chalè ke ou genyen pou lòt yo; lanmou mande aksyon. Si nou vle renmen tankou Kris, kisa nou dwe fè ? Jan 15:10 \_\_\_\_\_

4. Lanmou se tankou yon tèmomèt espirityèl. Kisa ou ta kapab di sou moun ki pran pòz li se yon bon kretyen men ki rayi frè l? 1 Jan 2:9-10 \_\_\_\_\_

5. I Jan 3:18 Piga nou renmen \_\_\_\_\_ men se pou nou \_\_\_\_\_ epi se pou \_\_\_\_\_



Ki diferans ki genyen ant renmen nan bouch ak renmen nan sa n'ap fè epi nan renmen tout bon vre ?

Èske sa konn rive ou pou pran pòz ou renmen lòt moun yo pandan ke pat gen renmen vre? Kesyon sa yo pral ede w konprann egzijans vrè lanmou an.

### LANMOU AK SAKRIFIS


6. Selon 1 Jan 3:16, Kòman nou ka montre lanmou nou ? \_\_\_\_\_  
 Èske sa vle di egzateman nou dwe mouri pou lòt moun yo? \_\_\_\_\_

7. Ki egzanp ki bay pou bay lavi w pou lòt moun ? v. 17 \_\_\_\_\_  
 Pa konnen bezwen lòt moun moutre nou pa vrèman genyen lanmou ke nou vle kwè nou genyen an.



## AFÈMISMAN

Li Women 12, 2 Jan,  
3 Jan, Jid epi 2 Pyè 1-3  
(yon chapit pa jou).



### Aprann pa kè 1 Jan 3:16

« Men sa ki fè nou konnen sa renmen ye : Jezi Kri bay lavi li pou nou. Se poutèt sa nou menm tou, se pou nou bay lavi nou pou lòt frè nou yo. »

## PANSE SOU SA

Lanmou an, se plis ke yon bon santiman pou lòt yo. Li angaje aksyon volonte nou. Matye 5:42-48 lan di nou Bondye fè solèy la leve ni pou moun ki mechan ni pou moun ki bon yo. Nou aple pou nou renmen lènmi nou yo, menm jan ak zanmi nou yo. Sa vle di padone yo, priye pou yo epi aji byen ak yo lè nou jwenn okazyon pou fè sa.

Fè yon plan pou montre kòman ou kapab rekonsilye avèk moun sa yo ki nan kont avèk ou. Sonje rekonsilyasyon gen ladann mande padon epi padone moun ki mande padon an.

Fè revizyon 2 leson sou padon an nan Volim 2

Ekri plan ou an sou yon fèy detache.



FÈ SA KI BYEN POU N' KRAZE  
SA KI MAL. WOMEN 12:21

8. Bay lòt egzanzp sou fason ou ta kapab bay lavi ou pou lòt moun yo.

\_\_\_\_\_

9. Dezyèm kòmandman an di : « Se pou n renmen pwochen nou menm jan nou renmen pwòp tèt pa nou ». Moun ki te mandel : « Men kiyès ki pwochen mwen », Jezi te reponn avèk parabòl bon samariten an. Li Lik 10:30-37.

Nan parabòl sa a, kiyès ki te vrèman montre lanmou pou pwochen li an ?

\_\_\_\_\_

Kòman ou fè konnen sa ? \_\_\_\_\_

10. Menmsi prèt la ak Levit la pat patisipe nan bat viktim nan, èske nou kapab di yo pi bon pase vòlè yo? \_\_\_\_\_ Poukisa ? \_\_\_\_\_

Byen ke rete endiferan pa sanble move bagay, men li parèt tankou yon lòt fòm abi nan sans li moutre yon mank lanmou pou lòt moun. Byen ke samariten an pat moun menm peyi avè l, li te montre li te gen pitye pou viktim lan. Li konprann ke « pwochen » li se tout moun Bondye mete sou chemen li ki bezwen èd.

Gen yon moun ki te rezime atitud pèsonej yo ki nan parabòl la konsa:

- Vòlè yo : « Tout sa'k pou ou se pou mwen li ye. »
- Prèt la ak levit la : « Tout sa'k pou nou se pou nou li ye. »
- Samariten an : « Tout sa'k pou mwen se pou ou. »



Panse sou fason ou aji ak lòt moun. Ekri kiyès nan 3 atitud sa yo ki rakonte pi byen relasyon ou yo avèk :

Fanmi ou \_\_\_\_\_

Kòlèg ou yo ak kamarad nan klas ou yo \_\_\_\_\_

Manm Legliz ou yo \_\_\_\_\_

## KISA POU M FÈ SI YO PA BYEN AJI AVÈ M?

« Nenpòt moun ki di tèt li l'ap fè byen pa bezwen atann ke lòt moun ap vin prepare wout devan l, men li dwe aksepte travay li tou dousman menm si moun yo vin plis ankonbre wout li a »<sup>2</sup>

11. Li Women 12:17-21. Kòman nou dwe reyaji devan moun sa yo k'ap mal-trete nou, selon vèsè sa yo ?

v. 17 \_\_\_\_\_

v. 18 \_\_\_\_\_

v. 19 \_\_\_\_\_

v. 21 \_\_\_\_\_



Nou kapab gen pye sou sa ki mal lè n'ap fè sa ki byen. Nan ki nivo ou te rive fè sa? \_\_\_\_\_


Si repons ou se « mwen pat vrèman rive fè sa », avèk kiyès ou te gen pwoblèm ?

\_\_\_\_\_

Ki bon aksyon ou ka fè semèn sa a pou bese kòlè ant ou menm ak moun sa a ?

\_\_\_\_\_

## 3èm etap Plis sou lanmou



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Olye pou l pwoteje lanmou an, jalouzi detwi li.
- \_\_\_ Veritab lanmou an ap fèmen je l sou fot lòt moun.
- \_\_\_ Lanvi pou m posede kèk bagay kapab jwe mal sou kapasite m pou m devlope yon bon jan relasyon avèk lòt moun.

### MEZIRE VRÈ RENMEN AN

1. Kisa renmen an ye ? 1 Korentyen 13:4-7 pale sou vrè renmen an : li fè yon lis ki gen kenz karakteristik. Sèt pozitif ak wit negatif. Ekri yo

Remen an se : \_\_\_\_\_

Renmen an se pa : \_\_\_\_\_

2. Lè Bib la di moun ki gen renmen nan kè li, gen pasyans oubyen li gen sipò, kisa l vle di ? v.4 \_\_\_\_\_

3. Si renmen an se « pa anye sò » moun , kisa l vle pou lòt moun yo ? v.4 \_\_\_\_\_

4. Si renmen an pa'p chache avantaj pa li, kisa l'ap chache menm ? v.5 \_\_\_\_\_



Sou ki karakteristik nan lis sa a ou bezwen fè plis efò ? \_\_\_\_\_

*Panse sou fason ke kalite sa yo touche ou.*

5. Fè, kòmanse nan 1 Korentyen 13:4-7, lis karakteristik renmen yo kap goumen avèk erè sa yo :

- \_\_\_\_\_ Mwen pap janm padone sa li fè m nan.
- \_\_\_\_\_ Poukisa Ja'n popilè konsa tandike mwen reyalize menm bagay avè li?
- \_\_\_\_\_ Mwen paka sipòte tifrèm yo. Yo pa janm sispann deranje m.
- \_\_\_\_\_ Mari m lan pa vo anyen. Li pa janm fè gwo bagay.
- \_\_\_\_\_ Poukisa m ta dwe ede Pòl, tandiske m gen pwòp bagay pa m pou m fè ?
- \_\_\_\_\_ Gwoup louwanj pa nou an pi bon ke pa yo a. Yo paka menm chante san yo pa detone.
- \_\_\_\_\_ Mwen pa bezwen pèsòn pou m fè sa m gen pou m fè.
- \_\_\_\_\_ Aha! Yo voye John tounen. Kèlke swa fason an mwen pat jan m renmen li.
- \_\_\_\_\_ Mwen espere yo flanke l deyò pou m pran plas li a.
- \_\_\_\_\_ Tout sa Marthe fè li eksite mwen, menm fason li abiye.

## SEMÈN SA A

Mizik kretyen an se yon zouti pisan pou fè nou grandi. Semèn sa, aprann yon chan ki pale sou lanmou frè yo nan Kris.

**Ki direksyon kounyeya ou bay lavi ou ?**



*Li fasil pou pèdi tèt ou epi lemond ak sa li ofri pase renmen frè parèy nou. Renmen se tankou yon bousòl ki kapab mennen nou nan plas nou te ye a.*

*Nou tonbe nan kont avèk lòt moun lè nou bay plis valè ak byen n'ap achete yo pase devlope yon bon relasyon avèk moun.*

## VIV ANSANM NAN RENMEN

6. Women 12:10 di nou se pou nou youn renmen lòt. Kisa sa vle di selon dènye pati nan vèsè a ? \_\_\_\_\_

7. Li Galat 5:14-16. Malgre kòmandman sou renmen frè parèy ou a, kisa kèk moun fè ? v. 15 \_\_\_\_\_

Kisa Pòl vle di lè l di « mòde oubyen devore » ? \_\_\_\_\_

Kòman nou kapab venk egzijans ki di n pou n detwi lòt moun yo ? v.16 \_\_\_\_\_

Ale gade 5 èm etap nan volim 1 an pou rewè sa sa vle di mache nan Lespri Bondye.

8. Kòman renmen an kapab ede nou viv ansanm? 1 Pyè 4:8 \_\_\_\_\_

Eksplike «lè nou renmen, sa fè bondye padone anpil peche».

*Vrè renmen an pa chita sou kòpòtman lòt moun. Li renmen yo malgre fot yo fè. Kris te bay lavi li pou sa ki te bon yo ak sa ki pat bon yo. Sakrifis li a se yon egzanzp : li montre nou renmen se bay tèt ou pou nou youn sévi lòt.*

9. Li istwa Pyè nan Jan 21:15-17. Byen ke Pyè te renye Kris pandan twa fwa, ki travay Kris te konfye li ? \_\_\_\_\_

10. Site yon bagay ke nou pa ta dwe renmen. 1 Jan 2:15 \_\_\_\_\_

11. Selon Jak 4:1-2, kisa ki lakoz anpil goumen ak kont? \_\_\_\_\_



*Renmen bagay yo ki nan lemond ap deranje kapasite pou nou youn renmen lòt. Nou tonbe nan kont avèk lòt moun lè nou bay plis valè ak byen n'ap achete yo pase devlope yon bon relasyon avèk moun.*

*Èske gen kèk bagay ki bloke relasyon avèk lòt moun? Fè lis la*

12. Antan ke kretyen, nou renmen nou youn lòt, men ki jan de akèy nou ta dwe tann nan men moun ki pa konvèti yo ? 1 Jan 3:13 \_\_\_\_\_

Poukisa ? v. 12 \_\_\_\_\_

Menm si anpil moun ki pa konvèti pa apresye nou e menm rayi nou, nou dwe kontinye renmen yo, priye pou yo epi pataje bòn nouvèl la avèk yo, tankou Jezi te fèl la.

## AFÈMISMAN

**Li Ebre 11-12 epi 1 Pyè 1-5** semèn sa (yon chapit pa jou).

**Aprann pa kè Jan 13:35**

« Si nou youn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye. »



## 4èm etap

# Nou youn egzòte lòt



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Pase tan nou avèk lòt kretyen yo ta dwe motive nou pou nou amelyore
- \_\_\_ Sèl aksyon nou yo, e non pawòl nou yo, kapab ankouraje lòt yo.
- \_\_\_ Lè yon moun ap pase moman difisil, youn nan pi bon mwayen pou w ankouraje l se pase tan avè l.

*« Ou mèt achte figi m, mwen put ka p'ap kwè w.  
Ou mèt kritike m, mwen put ka p'ap renmen w.  
Ou mèt bliye m, mwen put ka p'ap padone w.  
Ou mèt ankouraje m, mwen p'ap bliye ou. »<sup>3</sup>*

### ANKOURAJE YOUN LÒT

1. Ki (2) de kòmandman nou jwenn nan 1 Tesalonisyen 5:11 ? \_\_\_\_\_  
ak \_\_\_\_\_ uns aos outros.
2. Lè n ap chache ankouraje yon moun, fòk nou ba li bon pawòl, menm si se pa vre ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki objektif prensipal nou dwe genyen lè nou rankontre a lòt kretyen yo, selon Ebre 10:24 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Èske jan de ankourajman sa a vle di ke nou dwe di sèlman bagay ki pozitif? Poukisa ? v.25 \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Ki de(2) kòmandman nou jwenn nan Ebre 10:25 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
6. Fè rankont ak lòt kretyen yo, se tankou tou, nou t'ap patisipe nan yon sèvis legliz. Se tankou kominyon frè ak frè diran semèn nan, nan pale nan telefòn, nan visit ak rankont nan ti gwoup yo. Nan ki nivo kontak san planifye sa yo kapab ede nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



*Jeneralman, Konbyen fwa ou fè rankont ak lòt kretyen yo \_\_\_\_\_  
Mande pastè ou la si genyen yon selil ou kapab vini manm.*

7. Genyen ijans pou nou rankontre, ankò plis pou nou wè « jou a ap pwoche ». v. 25. Ki jou otè a vle pale ? v. 37 \_\_\_\_\_



### KÒMAN POU YO YOUN ANKOURAJE LÒT

8. Bay yon mwayen nou kapab ankouraje lòt yo. Pwovèb 12:25 \_\_\_\_\_
9. Li Pwovèb 18:21. \_\_\_\_\_ epi \_\_\_\_\_ sa ou chwazi se sa w'ap jwenn. Pawòl yo gen anpil fòs, yo kapab anime lespri nou oubyen touye li. Pwovèb 16:24 ajoute ke bon pawòl se siwo myèl, yo bon pou sante, yo dous pou nanm ou epi yo se remèd pou kò a. Gade «Pawòl ankourajman » nan paj pi devan an.
10. Pawòl nou yo dwe \_\_\_\_\_ Efezyen 4: 29

## PAWÒL ANKOURAJMAN

- Itilize pawòl pou fè lwanj, ankourajman ak remèsiman tankou :  
« Bravo ! », « Ou kapab », « Mwen fè ou konfyans », « Ou te bay tout ou menm; pa bay tèt ou pwoblèm pou fot yo » ; « Mèsi pou ed ou ».
- Aji a lòt yo avèk respè ak dinyite. Tann sa ki pi bon bagay kay lòt moun e non sa ki pi mal. Fè yo konfyans.
- Pa kritike yo, pa joure yo ak griyen dan sou yo. Pa tann y'ap bon nèt. Evite bay fawouch ak « vye blag » k'ap devalorize lòt moun. Sispann repete «men» (« Ou byen fè men... »)
- Tande yo avèk konpreyansyon lè yo ap pale. Ba yo tout atansyon ou : gade yo nan je, san ou pa bezwen okipe w sou repons ou pral ba yo lè yo fin pale. Pa koupe pawòl nan bouch yo. Pa jije yo. Lòt yo pral konnen si ou t'ap koute yo si ou kapab tounen di yo sa k'ap trakase yo/ entereze yo.
- Pran sa kap fè yo pè yo oserye, epi ede yo konbat sa kap fè yo pè yo.
- Aprann yo pran distans yo ak itilizasyon pawòl « Mwen pa kapab ».
- Pran objektif yo ak sa yo ta swete yo oserye.

## PANSE SOU SA

Kisa nou ta dwe fè lè nou jwenn avèk lòt kreyen yo ? Ki pati nan sèvis la ki ankouraje ou ? Èske genyen kèk pati ki dekouraje w oubyen ki deranje w? Kisa yo ye ? Pale sa ak pastè w: mande li kòman ou kapab simonte fwistrasyon ou an.



## AFÈMISMAN

Li Jenèz 1-7 semèn sa (yon chapit pa jou).

Aprann pa kè 1 Tesalonisyen 5:11.

« Se poutèt sa, an nou youn ankouraje lòt, youn ede lòt, jan nou deja ap fè l la. »

11. Bay kèk egzanz pawòl ki kapab ankouraje ak fè lòt moun grandi:

\_\_\_\_\_

Bay egzanz kèk pawòl ki kapab dekouraje moun : \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



**Mezire pawòl ou yo.** An jeneral, pawòl ou yo :

Fè moun grandi     Se kritike ak rale zòrèy     Pote linite

Bay moun fòs     Remonte lespri moun yo

Se plenyen ak bougonnen     Se pawòl tripotay ak lang long

☞ Gade « Pawòl ankourajman » nan tablo a goch la.

12. Bay yon fason ou ka ankouraje lòt moun. Women 12:15

\_\_\_\_\_

Prezans nou kote yon moun ki nan moman difisil plis enpòtan ke sa nou ap di. Lè nou fè zanmitay avèk yon moun : lè nou pataje pèn li ak jwa li yo ansanm avèk li, lè sa a l'ap wè ou se yon moun k'ap ede li.



13. Pòl te ekri sou zafè anlèyman an nan 1 Tesalonisyen 4:13-18 pou kreyen yo kapab ankouraje yo youn lòt. Se yon egzanz nan fason Bib la put ka itilize tankou yon zouti ki pisan ki kapab ankouraje. Se vrèman pisans Bondye. Lè nou neglije koute pawòl Bondye a oubyen etidye pawòl la, nou p'ap kapab jwenn posiblite pou nou resevwa sipò sa.

Fè yon lis ki gen plizyè pasaj ki te ankouraje ou dènyeman.

\_\_\_\_\_

14. Ki pawòl ankourajman nou jwenn nan pasaj sa yo ?

1 Pyè 5:7 \_\_\_\_\_

1 Jan 4:4 \_\_\_\_\_

15. Selon Ebre 4:14-16, Èske gen yon moun reyèlman ki konprann pwoblèm ou yo ? \_\_\_\_\_

Kidonk, kisa nou ta dwe fè? v.16 \_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_

« Twòn lagras la » sanble ak prezans kè sansib Bondye. Nan lapriye nou pwoche bò kote li nan tout lè, nou konnen l'ap koute priye nou menm lè nou santi nou pa bon. Bib la chaje ak pasaj ankourajman tankou sa a. Ke bagay sila a ankouraje w epi ede w pou ka ankouraje.



Èske ou dekouraje ; oubyen èske ou konnen yon moun ki bezwen ankourajman ?

**Al gade nan apenndis 2 a nan volim 1 an ki gen pou tit « Kisa mwen ye nan Kris »**



## 5èm etap Sèvi youn lòt


Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Sèvis la se pou sèlman moun ki gen tan.
- \_\_\_ Imilite a nesesè anvan, pou sèvis la.
- \_\_\_ Gran lidè yo dwe chache mwayen pou sèvi lòt moun.

### OU BAY SÈVIS OUBYEN YO SÈVI OU ?

1. Li Galat 5:13. Wi, nou se moun ki lib nan Kris, men gen kèk moun ki pran libète sa a pou yo fè tèt yo plezi. Y'ap gaspiye gras ak padon Bondye a, yo pran libète yo a kòm yon eskiz pou yo fè sa yo vle. Tan pou w ta mal itilize libète w la, kisa nou ta dwe fè ? \_\_\_\_\_
2. Levanjil pa rele nou pou nou mennen yon lavi se tèt nou nou wè sèlman, men yon lavi pou bay sèvis. Poukisa? v. 14 \_\_\_\_\_
  - Sèvitè yo mande: Nan kisa mwen kapab itil lòt moun?
  - Egoyis yo mande : Kisa lòt moun yo ap kapab fè pou mwen ?
  - Renmen ak sèvis pa ka separe. Renmen an pouse nou bay sèvis, sèvis la montre renmen nou genyen.
3. Rezime sa Matye 20:26-28 ansenye nou sou zafè rann sèvis. \_\_\_\_\_
4. Kisa nou kapab fè pou n rive genyen sa ki bon nan lavi a? Kisa w'ap di a yon moun ki pa enterese a bezwen pèsònèl li? \_\_\_\_\_

**Fason pou w vin gran an se nan rann anpil sèvis.**




**Moun ki vle tout bagay pou yo, yo panse sèlman a tèt pa yo.**

*Pandan Revolisyon ameriken nan te gen yon nonm ki te abiye an sivil ki t'ap pase sou chwal li devan yon gwoup sòlda ki tap repara yon ti baryè pou defans. Responsab la t'ap pase yo lòd men li pat fè anyen pou te vini ede yo. Kavalye a ki te santi l jennen, te mande li poukisa l'ap aji konsa ; ak gran fyète li te reponn li : « Mesye, mwen se kaporal ! ».*

*Etranje a te eskize li, epi li te desann pou li ede solda ki te fatige yo. Travay la te vin fini, li retounen kote kaporal la epi li di : « Mesye kaporal, pwochèn fwa w'ap gen yon travay konsa epi ou pa gen anpil moun ki pou fè li, ou mèt pale ak kòmandan an chèf ou, sa ap fè mwen plezi pou m kouri vin ede ou. » Nonm sa pat lòt moun ke Jòj Wachintonn ( George Washington).<sup>4</sup>*

### APRANN PA MWAYEN EKZANP Lòt MOUN

5. Kisa Jezi te fè nan Jan 13:3-5 ? \_\_\_\_\_
  6. Nan tan sa yo, lave pye sèvitè yo, se te yon travay ki te fèt pou esklav yo: yon seri de moun dinyite yo pa gen anyen pou wè ak diyite pa Jezi. Kisa Jezi te vle aprann disip li yo lè li t'ap lave pye yo ? Jan 13:14-16  
\_\_\_\_\_
  7. Ki atitid Jezi te montre ke mwen ta dwe imite ? Filipyen 2:5-8  
\_\_\_\_\_
  - Si Jezi te desann byen ba pou l te sèvi lòt moun, èske pa gen plis rezon pou mwen ta fè menm bagay la tou ?
  8. Kisa nou kapab fè pou nou sèvi lòt yo? Filipyen 2:3-4  
v. 3 \_\_\_\_\_  
v. 4 \_\_\_\_\_
-  Bay kèk ekzanp sou sa ou ta kapab fè pou w fè atansyon ak enterè lòt moun. \_\_\_\_\_

## PANSE SOU SA

Yon rach fèt pou fè travay ki di. Lè l itilize, li vin refilè ankò pou fè travay li te la pou l fè a.

Pakont, yon rach ki rete san l pa itilize nan kay la, se yon bagay k'ap gate : l'ap wouye.

Li pi bon pou nou fatigue nou pou rann lòt yo sèvis olye pou n'ap chache yon «repo» egoyis ki la pou chache enterè pèsònèl nou, k ap bon pou nou. Pwochèn fwa ou wè yon rach, oubyen yon lòt zouti, panse sou sa.



« Mwen pa konnen kisa desten ou ap ye, men sa mwen konnen se sa a: sèl moun nan mitan nou k'ap santi yo vrèman ere se sa yo ki ap chache epi ki jwenn kòman pou yo sèvi lòt moun yo. »<sup>5</sup>

## AFÈMISMAN

**Li Sòm 25-31**  
**semèn sa a**  
(yon chapit pa jou).



**Aprann pa kè Galat 5:13.**

« Kanta nou menm frè m yo, Bondye rele nou pou n te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè. Okontrè se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt. »

9. Pou apot Pòl, pi gwo fòm sèvis la se te pote bòn nouvèl ki bay lavi a bay lòt moun. Se pou sa li di nan Women 1:16: « Mwen pa wont anonse bòn nouvèl la... »

Kisa li aprann nou nan pasaj sa yo ki kapab ede nou rann lòt moun sèvis ?

2 Cor. 4.5 \_\_\_\_\_

2 Cor. 6.3 \_\_\_\_\_

10. Ki lòt aspè sèvitè a genyen ke nou wè nan 2 Korent. 11:29 ?

\_\_\_\_\_

## SE PA FASIL, MEN SA VO LAPÈN

11. Rann sèvis kapab koute. Esplike sa. 2 Cor 6:4-8 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Gade nan 2 Korentyen 11:24-28 ; w'ap jwenn plis detay sou sakrifis apot Pòl te aksepte fè pou sèvi lòt moun. Gade tou 2 Timote 2:10.

12. Èske sakrifis sèvis la egzije a koute lapèn? Poukisa ?

2 Korentyen 9:6 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Ebre 6:10 \_\_\_\_\_

13. Kòman yo pale sou sèvis la nan 2 Korent. 8:4 ? \_\_\_\_\_

## SE POU NOU PRATIK

«Ki travay Kris te mande sèvitè li yo fè ? Li te di yo pou yo sèvi l', yo dwe vin esklav konpanyon sèvis yo, yo dwe prè yo menm pou fè tout bagay, menm si sa ta koute trè chè, anmèdan oubyen parèt pa bon, pou vini ede yo. »<sup>6</sup>

Avan tout bagay, rann sèvis la posib lè nou bay tout tan nou, resous nou yo ak enèji nou yo. Egzanp yo pou sèvis la ta dwe genyen :

- Konseye
- Vizite
- Rekonfòte
- Fè manje
- Jete fatra
- Preche levanjil
- Siveye ti moun yo
- Ansenye
- Fè netwayaj nan kay la
- Koupe zèb
- Pentire
- Aprann yon moun li
- Lave asyèt
- Lave rad, pase, koud
- Rann sèvis
- Ede yon moun fè ekzèsis li yo
- Mache ansanm ak yon moun
- Fè yon travay sou òdinatè
- Repare yon robinè, yon pòt oubyen yon machin.
- Aprann yon moun travay sou òdinatè
- Priye avèk oubyen pou yon moun
- Fè yon nouvo kretyen vin yon disip
- Mennen yon moun kay doktè
- Priye avèk oubyen pou yon moun
- Ankourajje yon moun avèk yon ti souri sou bouch ou.
- Fè lekti pou yon moun
- Prete moun yon liv
- Telefòn pou pran nouvèl yon moun



**Mande: « Kòman m ka rann tèt mwen itil jodi a ? »**

## 6èm etap

# Nou youn sipòte lòt



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Antan ke kretyen, nou dwe sipòte tout kalite abi.
- \_\_\_ Nou kapab aprann sipòte lòt moun lè nou padone yo.
- \_\_\_ Anvan nou kritike lòt moun, nou dwe sonje ke nou genyen pwòp fot pa nou.

«Pa janm vante tèt nou. Aji avèk dousè ak pasyans ak tout moun. Se pou nou youn sipòte lòt avèk renmen nan kè nou»  
Efezyen 4:2

### VIV NAN MOND REYÈL LA

Èske sa deranje ou pou viv ak moun ki renmen ennève w lakay ou oubyen nan Legliz ou a ? Efezyen 4:2 pale sou kesyon « se pou nou youn sipòte lòt avèk renmen nan kè nou ». Nan yon lòt jan, nou dwe aprann viv avèk feblès lòt moun yo. Lè nou sispann plenyen sou fot yo, nou kòmanse renmen yo.

1. Pwovèb 19:11 ap ede nou konprann ide sou «nou youn sipòte lòt » lè l di:  
Tout kalite yon nonm se \_\_\_\_\_.
2. Selon Efezyen 4:2, nou ta dwe pou «nou youn sipòte lòt» nan atitud pou :  
\_\_\_\_\_, Aji \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_.  
Sa ap pèmèt Sentespri a \_\_\_\_\_ nan Legliz la. Efezyen 4:3
3. Poukisa desann ou byen ba a nesèsè pou sipòte lòt moun ? Matye 7:3  
\_\_\_\_\_
4. Nou tout gen feblès ke lòt moun dwe sipòte. Site kèk nan fot ou yo ki ta kapab mete lòt moun an kòlè. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Ki ta dwe lavni fanmi ou, si ou pat kapab aprann viv avèk feblès lòt yo? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
6. Nan ki nivo sa ta ka deranje w si ou konnen madanm ou pakab sipòte defo w yo epi li ap chache chanje ou san rete ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
7. Nan ki nivo sa ap deranje ti moun yo, si yo konnen paran yo toujou santi se yon desepsyon akòz de yo paske yo lwen pou yo ta fè bon timoun? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



*Kòm moun k'ap chache pèfeksyon, nou desann moun sa yo ki pa nan nivo nou t'ap atann nan. Lè n'ap tann anpil bagay ki depase nivo kèk moun, nou ba yo pote yon chay ke yo p'ap janm k'a rive pote.*

*Reyaksyon nòmal yo se fè kòlè, se pa satisfè oubyen dekouraje. Kèlkeswa efò yo ta fè pou yon rive nan nivo panse nou yo, chak nan nou p'ap rive satisfè oubyen nan fè kòlè youn ak lòt.*

*Nou p'ap kapab gen bon jan relasyon avèk lòt moun tou tan nou pa aprann asepte yo jan yo ye a.*




#### **Pèfeksyonis (moun k'ap chache pèfeksyon):**

Èske ou se yon pèfeksyonis oubyen èske oubyen w'ap viv avèk yon pèfeksyonis ? Reflechi sou ki a goch la sou zafè rezilta pèfeksyonis nan relasyonpèsònèl ou.




Èske nou la pou rann sèvis  
oubyen pou nou kritike ?



Yon jou, te gen yon moun ki  
te di John Wesley :

« Mwen pa janm padone,  
mwen pa janm bliye »

Repons Wesley a se te :  
« Nan ka sa a, chè mesye,  
mwen espere ou pa janm  
peche. »



## AFÈMISMAN

**Li Jenèz 8-14 semèn**  
(yon chapit pa jou).

**Aprann pa kè**  
**Efezyen 4:2.**

«Pa janm vante tèt nou.  
Aji avèk dousè ak pasyans  
ak tout moun. Se pou nou  
yonn sipòte lòt avèk renmen  
nan kè nou. »

8. Èske ou panse sa se yon bon fason pou motive lòt yo lè ou imilye yo chak  
fwa yo fè yon fo pa ? \_\_\_\_\_ Poukisa ? \_\_\_\_\_

*Lawonte toujou bay kèk rezilta, men se pa jan de rezilta sa yo n'ap chache.  
Lawonte pouse nou fè bon bagay pou move rezon epi l'ap mache se sèlman lè  
nou toujou gen je moun k'ap gade nou.*

9. Èske nou dwe aksepte move konpòtman lòt yo san nou pa mande yo  
esplikasyon? Galat 6:1 \_\_\_\_\_

10. Èske tolerans la vle di ke moun yo ape chape anba konsekans zak yo te fè  
yo ? Women 12:17-19 \_\_\_\_\_

11. Li Women 15:1-2 epi reponn ak kesyon sa yo :

\_\_\_\_\_ VRÈ OUBYEN FO? Ede lòt, pa lòt bagay ke yon siy feblès ki  
montre ke nou paka defann nou. v. 1

Sa mande pou ede lòt yo konsa n'a fè l \_\_\_\_\_ v. 2

Pasaj sa a moutre nou prensipalman nou ta dwe :

- Sipòte lòt yo olye pou nou kontante nou pou fè sa ki pi bon pou nou.
- Sipòte lòt moun menm lè nou pa ta vle.



*Se vre fot lòt moun yo deranje nou ; men èske nou la pou rann yo  
sèvis oubyen pou nou kritike yo ? \_\_\_\_\_*

*Gade nan ki pwen ide sa a kapab chanje lavi ou.*

12. Kolos. 3:13. Pou nou youn sipòte lòt, nou dwe \_\_\_\_\_ Èske nou ap  
kapab sipòte feblès lòt moun san nou pa padone yo ? \_\_\_\_\_ Poukisa?

Ki pi bon modèl padon ke yo ba nou ? \_\_\_\_\_ Kris te konn padone lòt  
moun ; li te menm rive padone lènmi li yo pandan ke li te kloure sou kwa a

13. Kolosyen 3:8 egzòte nou pou nou pa fè kòlè. Kisa k'ap pase lè nou refize  
kite rankin ? Èske nou vin pi bon oubyen pi anmè ? \_\_\_\_\_

14. Ki lòt kalite k'ap kapab ede nou padone lè n'ap gade fot lòt yo k'ap eksite  
nou? Kolosyen 3:12 \_\_\_\_\_

15. Lè manm yon Legliz yo youn ap pran pati kont lòt, kilès k'ap genyen?

- Pèsòn moun
- Gwoup ki genyen pari a
- Satan

Lè nan yon Legliz, manm yo aprann pou yo youn sipòte lòt, kilès k'ap  
genyen ? \_\_\_\_\_

16. Le nou chita sou sa nou te aprann nan leson sa a, kisa ou ta ka di ak  
moun sa yo k'ap chache yon «legliz ki pafè » ? \_\_\_\_\_



## 7èm etap

# Se pou nou youn padone lòt

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Bib la di nou se pou nou padone lòt yo kèlkeswa sa yo fè a.
- \_\_\_ Kenbe rankin pa lòt bagay ke pran nan pèlen pwoblèm.
- \_\_\_ Yon zanmi dwe aprann bliye vye konpòtman lòt zanmi li yo.

1. Selon Kolosyen 3:13, kisa nou dwe fè lè nou gen yon bagay k' ap fè nou plenyen de yon moun ?

Li enpòtan pou note sa, ke padon an lye avèk « se pou youn sipòte lòt », paske tou lè de(2) bon pou viv nan tèt ansanmi avèk lèzòt yo. Nou dwe gade Kris kòm modèl nou an.

2. Site youn nan karakteristik yon zanmi. \_\_\_\_\_ Pwovèb 17:9  
« Kache yon fot » vle di, padone oubyen fèmen je ou sou sa moun fè ou ki mal. Ekspresyon « Sonje fot la » vle di pito, pale anpil sou peche lòt moun, oubyen pale sou fot lòt la san rete.

**Pasaj sou fanm nan yo te pran ap fè adiltè a (Jan 8:3-11) aprann nou padon pa vle di nou minimize enpòtans peche. Aprè fanm nan te fin jwenn padon, Jezi di li ale, pa peche ankò.**




3. Ki (ansanm) mwayen ki mansyone nan Efezyen 4:31 la sou zafè padon an ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_. Desizyon ou pou w padone oubyen pou w pa padone ap detèmine fason lavi ou ye. Ou pa gen plis ke de posibilite : padon oubyen (amèt) pwoblèm. Chache tire revanjan pa gen lòt kote lap kapab mennen ou ke nan rankin, ki lòt bagay ki nan move chemen an. Chwa ou se pa kite kòlè mennen ou ale.



Reflechi sou panse sa yo :

« **Padon an pap chanje sa ki te pase, men lap pèmèt yon deme**  
« **Kenbe rankin, se tankou yon gèp ki mòde ou pou mouri.** »<sup>8</sup>

Ki mòd de vi ou chwazi ?  Tristès (amèt) --Kenbe rankin  Lapè--Padone



4. Efezyen 4:32 bay yon rapò ant padone avèk yon kè ki dou ak (kè sansib). Poukisa de bagay sa yo mache ansanm ? \_\_\_\_\_

Padon an se rezilta yon kè ki dou epi ki gen konpasyon.

5. Youn dwe \_\_\_\_\_ peche youn bay lòt epi \_\_\_\_\_ pou youn lòt. Jak 5:16.

Rekonèt peche nou yo devan lòt moun, se pa yon bagay ki fasil. Kèk bagay ki ka anpeche nou fè sa se lè nou pè yo reprimande nou, se lògèy, se pè pou lòt moun pa dekouvri sa nou te fè, elatriye. Èske ou ka site kèk lòt kòz ? \_\_\_\_\_


6. Espri kritik la ap difisil pou fè ou padone lòt moun. Kisa Bib la di sou zafè kritik yo ?

Women 2:1 \_\_\_\_\_

Matye 7:1- 5 \_\_\_\_\_

## AFÈMISMAN

Li Jenèz 15-21 semèn  
(yon chapit pa jou).



### Memorize Efezyen 4:32.

« Okontrè se pou nou aji byen youn ak lòt, pou nou youn padone lòt, menm jan Bondye te padone nou nan Kris la. »

### KÈK BAGAY KI RAKONTE SOU PADON AN

• Aprè Lagè sivil, Robert E. Lee te rann vizit ak yon dam nan Kentucky ki te mennen l wè kisa ki te rete nan gwo ansyen pye bwa ki te devan kay li a. La, li tap kriye anpil anpil poutèt gwo kout zam (gwo kout kanon federal) yo ki te detwi tout branch ak kò bra a. Dam nan tap gade Robert E. Lee tankou l tap tann misye di l yon pawòl ki montre l ke li kondane moun yo ki fè sa oubyen o mwen pou l moutre li konpasyon l pou li pou pye bra li pèdi a.

Aprè yon ti silans, Lee di : « Koupe li, chè Madam epi bliye li ».

Li pi bon pou nou padone enjistis yo te fè nou nan tan pase yo olye nou pèmèt yo rete nan nou epi kite tristès (amètım) fè rasin ak anpwazone tout rès vi nou.

• Gen yon istwa espanyòl ki gen rapò ak yon papa epi yon pitit gason ki te vin mawon kay li. Pitit gason an te pati (pran lafuit), epi papa a te pati al chache. Li tap chache l an ven pandan plizyè mwa. Finalman, nan yon dènye efò san espwa, papa a fè pase anons nan yon jounal nan vil Madrid. Anons la di :

« Chè Paco, vin rankontre m devan biwo jounal sa samdi a minui. Mwen padone tout sa w te fè. Mwen renmenw. Se papa w. »

Nan samdi a te gen plis pase 800 Paco ki te vini nan randevou a : yo chak te vin chache padon ak lanmou papa yo.<sup>10</sup>

**Pou plis enfòmasyon sou padon an al gade 7èm epi 8èm nan volim 2 Nouvèl vi nan Kris la.**

An rezime, ki veritab pwoblèm (ki genyen) lè nap jije lòt moun ? \_\_\_\_\_

7. kiyès nan nou ki gen dwa jije lòt moun ? Matye 7:5 \_\_\_\_\_

*Bib la òdone nou pou nou padone lòt moun, kèlkeswa sa yo te fè. Nap padone menm ènmi nou yo. Sa pa vle di ke moun ki te fè sa ki mal la pa ta dwe rann kont de sa li te fè a. De pati yo gen responsabilite yo :*

- **Moun kifè sa ki mal la** gen pou responsabilite pou repanti ak mande padon.
- **Moun yo te fè sa ki mal la** gen pou responsabilite pou padone, menm si li wè nanpanse pa li lòt moun nan pat merite sa, yon fwa li padone li, li fè sa Bib la mande a, e kounye li lib pou kite (amètım) ki te kenbe li an esklavaj.

8. Kijan de konpòteman nou kapab atann de yon sèvitè Bondye?

Pwovèb 24:17 \_\_\_\_\_

Pwovèb 24:29 \_\_\_\_\_

Ekzòd 23:4-5 \_\_\_\_\_




*Mete yon pwèn pou w jwenn yon ekzanp modèn Ekzòd 23:4-5 pou wè sou kiyès ou kapab reyaji jodi a.*

9. Jiska konbyen fwa nou dwe padone ? Selon Lik 6:35-36, yon moun kap padone \_\_\_\_\_, epi ap fè yo \_\_\_\_\_

Lap fè tout bagay sa yo san \_\_\_\_\_ (v. 35)

L ap suiv Bondye li a ki \_\_\_\_\_ (v. 36)

Mizèrikòd la gen pou misyon pou bay moun nan pinisyon li merite a. Pa ekzanp, li fè byen menm ak moun ki mechan epi ak moun ki (engra) san rekonesans. (v.35).



### Kèk panse sou zafè padon an

- Padon an ak bliye sa ki mal la fè de bagay. Sa ap pran tan, yon fwa ke mwen padone pou pase trè sou sak te pase yo.
- Mete twal sal la nan lari.
- Sa pa mande vanjans ak pinisyon, paske mwen vin konprann moun ki fè sa ki mal li dwe rann kont bay Bondye pou sa li fè a.
- Padon an se yon desizyon ki esansyèl, pou mwen pa kite mwen tonbe nan fè kòlè. Menm si mwen pa vle padone, men se sèl mwayen pou mwen libere de pwoblèm mwen an.
- Pran desizyon pou mwen padone pa depann de konpòtman oubyen de ansanm bagay moun nan te fè ki mal la.
- Lè move panse ap vini nan lespri mwen, mwen ap ka di : « Mwen deja padone. Mwen pap retounen sou sa ki te pase a ».

## 8èm etap

# Se pou nou youn aksepte lòt



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Inite nan Legliz la ekzije pou nou aksepte moun ki renmen fè kòlè yo.
- \_\_\_ Si nou aksepte moun ki pa kwè yo, lòt kretyen yo ap kritike nou.
- \_\_\_ Aksepte moun kap fè peche yo vle di nap ba yo rezon ak move bagay yo ap fè ki pa bon.

Fanmi Bondye a vrèman laj : li genyen tout sòt de moun. Gen kèk nan yo ki genyen matirite, genyen kèk lòt nan yo ki pa genyen l. Kèk nan yo fasil pou yo viv, gen lòt ki pa janm sispann bay pwoblèm. Bib la di nou se pou youn aksepte lòt. Nenpòt moun yo ta ye a, Bondye ap chache inite nan mitan manm fanmi li a.

### VIV AVÈK MOUN KI RENMEN FÈ KÒLÈ

1. Kisa Bondye vle pou pitit li yo ? Women 15:5-6 pale de sa Bondye vle bay kretyen yo \_\_\_\_\_ paske yo ap suiv Senyè a ki bay pasyans ak konsolasyon.
2. Kisa nou dwe fè poun viv ansanm nan tèt ansanm ? Women 15:7 \_\_\_\_\_ Bay yo akèy, se aksepte yo menm, avèk tout defo yo a.
3. Èske nou ka chwazi moun pou ki frè ak sè nou an Kris ?  Wi  Non  
Èske gen kèk kretyen kap fè nou fache nan yon fason patikilye?  Wi  Non  
Èske gen kèk kretyen nan Legliz ou an, ki gen anpil pwoblèm ak defo?  Wi  Non



Se espesyalman pou sa Women 15:1 an ap ankouraje nou \_\_\_\_\_

4. Women 15:8-9 lap pale de de(2) gwoup de moun, Juif yo (sikonsi yo) ak \_\_\_\_\_ (v.9).  
Avan sa, Juif yo te konn gade lòt nasyon yo anba anba: yo pat vle melanje avèk yo, ak menm bay yo lanmen, men lè yo te vin resevwa Kris la, bagay yo te vin chanje. Bondye te vin mete yo tout nan yon sèl fanmi.
5. Li Lik 19:1-10 epi reponn a kesyon sa yo sou kesyon Zache a :  
Ki jan de repitasyon Zache te genyen ? v.2, 7 \_\_\_\_\_
6. Byen ke Zache se te yon moun ki te gen move repitasyon, Jezi pat rejte li. Poukisa lè Jezi te aksepte Zache a, sa te vrèman afekte li byenke te genyen yon majorite moun ki te (rejte li) voye l jete. ? v.6 \_\_\_\_\_  
v.8 \_\_\_\_\_
7. Kòman Jezi te reponn moun ki tap kritike li yo paske l' te asosye avèk yon pechè tankou Zache? v.10  
\_\_\_\_\_



*Legliz la se yon fanmi, men se yon kote ou ka pran refij ou tou epi se yon lopital pou moun ki chaje ak pwoblèm yo. Ki itilite yon lopital kap resevwa sèlman moun ki an bon sante ?*



*Lik 15:7 la pale de kè kontan ki gen nan syèl la lè yon moun ki fè peche repanti. Bondye ap chache epi akeyi moun kap fè kapris yo. Èske nou ta dwe fè mwens ke li ? Kiyès moun ou dwe obeyi nan Legliz ou a ?*

- Kretyen ki pi fò yo  Moun ki renmen fè kòlè yo  Moun ki pran dwòg yo  Moun ki pa gen moral yo
- Moun ki nan ba nivo nan sosyete a  Moun ki pi fèb ak san matirite yo  Moun ki wo nivo nan sosyete a
- Sa yo opinyon yo diferan ak nou  Moun ki janti yo  Etranje yo epi moun ki pa menm ras oubyen menm kilti.


## AFÈMISMAN

Li Jenèz 22-28  
semèn sa

(yon chapit pa jou).

Memorize  
Women 15:1-2.

« Nou menm ki fò nan konfyans nou nan Bondye, se pou nou ede sa ki fèb yo pote feblès yo. Nou pa dwe ap chache sa ki fè nou plezi sèlman. Okontrè, se pou nou chak chache fè frè parèy nou plezi pou byen l, konsa na fèl grandi nan konfyans li nan Bondye. »



## SIJÈ POU NOU DEBAT

Li Lik 7:36-50 epi diskite sou diferan konpòtman Jezi epi Farizyen yo anvè fanm ki te fè peche a.

8. Si nap akeyi tout moun, èske sa vle di Legliz la pa kapab bay kèk règ pou (bòn mach) Legliz la mache byen ? \_\_\_\_\_

Poukisa ? \_\_\_\_\_

Resevwa moun ki fèb la pa vle di pou kite l' fè sa li vle ak mete divizyon, okontrè, nou dwe chache fè l' grandi (Women 15:1-2).



Kisa w kapab fè pou fè moun sa yo santi yo alèz nan Legliz ou a ?  
Panse a kèk bagay espesyal.

✓ Moun ki timid oubyen ki mete yo apa : \_\_\_\_\_

✓ Vizitè yo : \_\_\_\_\_

✓ Moun ki chaje ak pwoblèm yo : \_\_\_\_\_

Pa ekzanp, envite yo vin pran yon ti kafe ak priye pou yo.

9. Ki pwoblèm Jak 2:1-4 lan sinyale ? \_\_\_\_\_

Kidonk, kisa pasay sa moutre nou? \_\_\_\_\_

10. Efezyen 4:3-4 lan òdone nou \_\_\_\_\_.

Èske nou kapab ini nou, si nou pa aksepte lòt kretyen yo nenpòt jan yo ye ?  Wi  Non

## DIY POU ONORE

11. Ki tip moun nou dwe resevwa? Filipyen 2:25, 29 \_\_\_\_\_

Kòman nou dwe trete sèvitè Bondye yo ? v.29 \_\_\_\_\_




Kisa ou kapab fè pou onore responsab Legliz ou yo ? \_\_\_\_\_

### Gras oubyen Legalis ?


Anpil kretyen twouble ak dekouraje, yo santi yo koupab anpil, paske yo gen enpresyon gen lòt kretyen ki chita la ap siveye yo. Yo pa santi okenn lanmou, oken (gras) padon ni akseptasyon, men pito yo santi yo anba yon jijman kap domine yo pa yon konpòtman ògèy ak siperyorite espirityèl yo santi ki depase yo.

Si se vre Bib la bay kèk bagay ideyal ki vrèman elve, nou souvan ap ajoute nòm pa nou ak tradisyon pa nou nan pa Bondye a. Li pi senp pou nou mande pou lòt moun yo viv konfòmman ak lis nou an ki gen « bagay pou fè ak bagay pou pa fè » ke pou w ap obsève yo atantivman ak (wè sa ki nan) kè yo. Petèt motif nou yo (sensè) bon lè n ap jije lèzòt yo, men sa rele Legalism (respekte lalwa).

Sa pa vle di nou pa gen dwa soulinye erè yo ak lèse yo fè sa yo vle. Bib la di nou se pou youn ankouraje lòt, men se avèk cham ak tandrès, pandan n ap baze ankourajman n ap pote a sou kòmandman yo ki nan Bib la epi se pa ak pwòp opinyon pa nou.



LEGALIS



## 9èm etap

# Se pou nou youn ankouraje

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Pou evite pwoblèm, li tap pi bon pou bay lòt moun konsèy.
- \_\_\_ Si mwen gen enpresyon Bondye ap pouse mwen poum ankouraje yon moun, mwen pa dwe pran tan poum fè sa.
- \_\_\_ Puiske konsèy mwen baze sou Bib lan, mwen asirem ke konsèy sa ap fyab.

### NOU PA KA FÈMEN JE NOU

- Ebre 3:13 òdone nou \_\_\_\_\_  
« Ankouraje » Lwi Segon Revize tout tankou plizyè lòt tradiksyon ki di « ekzòte », oubyen tankou tradiksyon anglè sa ki di : « Se pou youn fè presyon sou lòt poun ka vijilan. »
- Ki moman ki bay pou ankouraje (selon liv Ebre a) ? v. 13 \_\_\_\_\_
- Si nou fèmen je nou ak neglije pou pran yon pozisyon kont peche, nou riske pou \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ ak kite peche domine nou. v.13 Ki karakteristik yon kè kap kenbe tèt ak Bondye

Plis lap pran tan poul konbat peche li an, se plis lap kenbe tèt ak Bondye. Gen kèk moun ki sansib epi repanti, lòt moun yo sanble rete endiferan nan sa yap avèti yo a. fòk nou gen tan pou yon kè kap kenbe tèt ak Bondye, se pou sa kèk moun gen tandans di : « kiyès ki prese ? Map regle pwoblèm sa demen ! »

Poukisa nou toujou gen tandans tann demen anvan nou pale de pwoblèm yo? \_\_\_\_\_



Èske ou gen enpresyon Bondye ap pousew ankouraje lòt moun epi poutan ou poko fè anyen ?

Kisa ki anpechew pale ak moun sa ?

Pou sa, èske gen yon rezon ki fèw poko kòmanse jodi a (oubyen semèn nan) ?

Fòmile yon plan kote ki pral endike ou kòman pouw echanje pawòl ak moun sa epi pouw ankouraje li.

### 4. VRÈ OU FO :

- \_\_\_ Ankouraje vle di mete presyon sou yon moun poul chanje.
- \_\_\_ Meyè fason pouw ankouraje moun nan se imilyel pou jouk lè li chanje.
- \_\_\_ Ekzòte (ankouraje) vle di se ankouraje yon moun a chanje konpòteman li.

### KÒMAN POU ANKOURAJE LÒT


### 5. Ki konpòteman nou ta dwe genyen lè nap pouse lòt moun kite peche ?

1 Timote 5:1-2 \_\_\_\_\_

Reprimande yo ak entimide yo, èske metòd sa yo akseptab pou ankouraje yo ?

Lè nap ankouraje yon moun, nou dwe trete li avèk respè, tankou li se te yon manm nan fanmi nou. Lè vin gen yon moman ki posib pou avèk yon moun, poze tèt ou kesyon : « Èske se konsa tou, mwen ta vle yo trete manmanm, papam, ak sè mwen ? »

### 6. Selon 2 Timote 3:16, \_\_\_\_\_ se yon zouti ki pisan pou reprimande. Tout sa ki ekri yo ap sèvi pou



## SIJÈ POU REFLECHI

Nou tout nèt bezwen konsèy epi pafwa pou moun pale avè nou. Nou dwe tande lòt moun pou nou ka aprann.

Gen yon pwovèb afriken ki di: « Fòw gen prèske yon vilaj pouw leve yon timoun. »

Ki pwen (ide) esansyèl pwovèb sa ?


Kisa sa li gen pou wè pou legliz jodi a ?

Èske mwen gen bezwen frè mwen yo ak sè mwen yo nan Kris poum ka vin moun Bondye vle wè mwen ye a ?

**« Moun ki bay yon bon konsèy konstwi avèk yon men ;**

**moun ki bay yon bon konsèy epi ki tou bay yon ekzanp ki mache ak konsèy la, li konstwi ak de menl yo ;**

**men yon moun ki bay yon bon reprimand (repwòch) epi yon move ekzanp, li konstwi ak yon men epi li detwi ak lòt men an »<sup>11</sup>**



## AFÈMISMAN

**Li Jenèz 29-35 semèn**  
(yon chapit pa jou).

**Memorize Ebre 3:13.**

« Okontrè, chak jou, se pou nou youn ankouraje lòt toutan nap viv nan epòk liv la rele jodi a. piga nou youn kite peche detounen nou, pou lè sa nou pa rive nan kenbe tèt ak Bondye. »

*Ap toujou gen moun pou di nou sa nou dwe fè, men kòman nap konnen si konsèy sa valab ? Lè nap itilize Bib lan pou bay kèk konsèy, se pou nou asire nap pataje konesans ki soti nan Bondye, epi se pa pwòp opinyon pan ou*

7. Se pou sa 2 Timote 4:2 an ap ankouraje nou \_\_\_\_\_.  
Ki moman ki (apwopriye) konvenab pou itilize pawòl lan pou ankouraje moun ? \_\_\_\_\_

8. Menm si nap itilize Bib lan, dènye pati nan vèsè an di moutre ak ankouraje moun yo avèk \_\_\_\_\_.

Puisans ki pou fè yon vi chanje pap soti nan pawòl nou yo, men yap soti nan pawòl Bondye an. Nou dwe gen pasyans, konnen Sentespri an ap itilize sa yo ki ekri nan liv lan nan lavi lòt moun.

9. Bib lan chaje ak mo ki pou ankouraje. Pa ekzanp, kisa Epit yo nan Filipyen ankouraje nou fè nan pasay sa yo ?

1:27 \_\_\_\_\_

2:3-4 \_\_\_\_\_

3:1 \_\_\_\_\_

10. Defi an se yon lòt manyè pou ankouraje moun, nan sans sa li pouse moun a genyen kèk atitid oubyen fè kèk bagay. Pa ekzanp, ki defi ki lanse a nou menm nan Matye 28:19-20 ?



*Kisa wap atann de lòt moun yo?*

*Pafwa nap atann twòp ti bagay. Panse a sa :*

**“Trete yon nonm janl ye a, lap rete menm Jan. Trete Yon nonm nan fason li kapab epi nan fason li ta dwe Ye, lap vin sa li kapab ye an epi sa li ta dwe vin ye an”<sup>12</sup>**

Lòt bò meday lan se sa anpil lòt moun ap tann. Nou dwe evite pa two ekzije nou lè nap pwovoke lòt moun (nan sa yap fè) lè nap bay lòt moun defi. Poukisa ?

## REVIZYON VRÈ OU FO?

\_\_\_\_\_ Ekzòtasyon an sanse fè lòt moun nan santi li koupab parapò ak peche li.

\_\_\_\_\_ Ekzòtasyon an dwe aprann yon moun kòman poul fè sa ki bon.

\_\_\_\_\_ Eske pale anpil ak moun lan ap pousel chanje.

\_\_\_\_\_ Li pi bon pouw fè silans pou evite defann kèlkeswa moun.

\_\_\_\_\_ Konsèy nap pote pou lèzòt yo, dwe baze sou pawòl Bondye an, non se pa sou pwòp opinyon pan ou.

\_\_\_\_\_ Nou dwe ankouraje avèk dousè epi ak respè

## 10èm etap

# Se pou youn rale zòrèy lòt



Reponn pa VR (V) ou FO (F)

\_\_\_ Li tap pi bon pou fè silans sou kesyon peche a pouw pa dekouraje lòt moun.

\_\_\_ Lè nou reponn lòt moun, sa dwe fèt nan lanmou ak respè.

\_\_\_ Bon jan yo reprimande moun nan ap pèmèt lòt la vijilan epi ap edel vin yon kretyen pi fò.

### ONÈTETE AN AP KA EDE FRÈ YO GRANDI

1. Li Pwovèb 24:24-26 epi reponn kesyon sa yo :

Ki erè nou dwe evite fè ? v. 24 \_\_\_\_\_

Ki bon bagay pou fè ? v. 25-26 \_\_\_\_\_

Kisa ki pase lè nap afwonte mechan ak tout (onètete) sajès ? v. 25-26 \_\_\_\_\_

2. Nou dwe rejte \_\_\_\_\_ ak pale \_\_\_\_\_. Efezyen 4:25  
Onèt anvè lòt moun sou zafè fot yo se meyè fason pou regle pwoblèm yo. Men sa mande kouraj paske se pa tout moun ki prè pou tande verite a. Franchman, pale de sa se yon risk, men sa ap fè di byen.

3. Anfend kont, moun \_\_\_\_\_, pita lap gen plis konsiderasyon pou ou pase pou moun \_\_\_\_\_ Pwovèb 28:23  
Poukisa souvan nou prefere flate yo, pito ke reprimande yo ? \_\_\_\_\_

4. kòman nou dwe reyaji lè lòt moun ap abòde nou pou nou pale de peche nou ? Pwovèb 28:13 \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ epi \_\_\_\_\_  
Kache pwoblèm yo pap kapab garanti lòt bagay ke echèk. Pakont, afwonte yo avèk sajès epi espri pouw repanti an ap fèw padone ak pèmèt nou pote viktwa sou feblès nou yo.



5. Bi pou rale zòrèy la se \_\_\_\_\_. Kolosyen 1:28  
Bon jan bi sa ap motive nou ale vè lavan, pandan nap fè Bondye konfyans poul ka chanje lavi nou. v. 29

### KÒMAN POU RALE ZÒRÈY Lòt MOUN

6. Pou enstwi lòt moun nou dwe chaje \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_. Women 15:14  
San bonte, ak kisa enstriksyon an ap sanble ? \_\_\_\_\_

San konesans, ak kisa enstriksyon an tap sanble? \_\_\_\_\_

San konesans lan pafwa nou fè plis byen ke mal. Fòk nou gen konesans epi konnen sa ki nan Bib lan epi tou konnen sityasyon an pouw rale zòrèy yon moun pi byen.

7. Jac 1:19 di nou se pou tout moun prese \_\_\_\_\_ men pa kouri \_\_\_\_\_ epi pa prese \_\_\_\_\_  
Twò souvan nou toujou ap fè fot sa, ki se tande yo a mwatye epi kanpe yo pou nou ba yo kèk konsèy oubyen pou nou reprann yo, san nou pa pran tan pou nou konprann sityasyon yo an. Sa pa ta dwe fè nou etone si yo pa vle tande konsèy nou an, paske li rann tèt li kont ke ou pa vrèman bay atansyon a sal tap di oubyen ke ou mal enfòmè.

8. Nan 1 Korentyen 4:14, Pòl pat ekri moun Korent yo pou \_\_\_\_\_ men pito \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_. Rale zòrèy yo mande pou gen fèmte, men sa pa gen anyen a wè ak britalite.

Li Galat 6:1-2 epi reponn a kesyon sa yo :

9. Ki tip de moun ki kalifye pou restore lòt moun ? \_\_\_\_\_





Fè yon moun wont an piblik kapab tounen kont nou, nan fè rezistans ak rebelyon olye de repantans.

### POU YON ETID APWOFONDI

Site yon peche ki grav ki merite avètisman. Tit 3:10

Èske peche ki ka met moun nan divizyon an, se yon bagay ki grav ? v.10-11

Site kèk grenn nan taktik ke moun kap pouse dife yo itilize ?



### PANSE SOU SA

Kòman nou kapab rale zòrèy moun (Women 15:14) san jijje (Women 14:13) ?

Moun kap rale zòrèy moun dwe gen karaktè sa, ki se bonte ak konesans (Women 15:14), men pa desi de tout bagay sa yo, yo dwe ekzamine tèt yo dabò pou wè si yo merite korije lòt moun (Lik 6:41-42).



### AFÈMISMAN

Li Jenèz 36-42 semèn sa (yon chapit pa jou)

#### Memorize Galat 6:1.

« Frèm yo, si nou bare yon mou ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen lespri Bondye a na kè nou, se pou nou metel nan bon chemen. Men, fè sa avèk dousè. Epi nan menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe anba tantasyon tou. »

10. Nan ki espri nou dwe chache restore moun ki chite yo ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_. Nan ki mezi sans (vèsè) v.1 an ap kapab chanje nou si nou pran desizyon pou « pini » oubyen « rale zòrèy moun » ak « restore » ?  
 \_\_\_\_\_


11. Ki lòt avètisman nou jwenn nan fen vèsè 1 an ak vèsè 3 ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

Menm moun ki plis pafè (bon) nan mitan nou an tonbe anba tantasyon ; pa gen okenn kote pou nap vin moute tèt nou. Se sèlman avèk gras Bondye nou pap ka tonbe.

12. Yon lòt pati nan restorasyon an genyen \_\_\_\_\_ v. 2

« Fado yo » nap ede lòt moun pote chak jou yo (pwoblèm yo) pa nòmal, paske nou chak gen responsablite pou pote fado nou yo poutèt nou. « Fado » yo la gen resanblans ak move eprèv ke nou paka pote pou kont nou. (v. 5)

13. Matye 18:15-17 ba nou yon modèl fason nou dwe trete yon moun kap peche kont nou. Ki twa (3) etap nou dwe suiv ?

 v.15 \_\_\_\_\_

v.16 \_\_\_\_\_

v.17 \_\_\_\_\_



Kiyès nan twa etap sa yo ki pi difisil pou ou ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

Èske ou souvan itilize etap sa yo pouw aranje pwoblèm yo ant oumenm ak moun kap ofans ou yo ?  Toujou  Le pli souvan  Pa souvan  Jamè

14. Poukisa li enpòtan pou pale avèk sèlman moun ou te ofanse a ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

Sa pi kouran epi pi fasil pou sote premye etap lan epi pou rive dirèkteman nan blag.

15. Poukisa nou bezwen kèk temwen nan etap nimerò 2 an ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

16. Ki ansanm de konsekans sa ap pote lè nou inyore konsèy kap bay Legliz yo ?  
 \_\_\_\_\_

Trete lòt moun tankou payen oubyen tankou moun kap ramase lajan pa vle di yo kriyèl oubyen nou dwe rejte yo, men senpleman nou dwe trete yo tankou moun ki pa kretyen.

### REVIZYON VRÈ OU FO?

\_\_\_\_\_ Pale fò ak yon mou nap kenbel nan bon chemen an.

\_\_\_\_\_ Nou pa dwe janm rale zòrèy moun ; nou dwe sèlman aksepte yo.

\_\_\_\_\_ Chache rale zòrèy lan dwe baze sou sa ki bon.

\_\_\_\_\_ Kouvri wont yon moun ap fèl kite peche.

\_\_\_\_\_ Anpil moun chaje yo: yap ekzòte san yo pa konnen tout bagay la.


\_\_\_\_\_ Si nou pale ak yon moun avèk jantiyès, li pap ka konprann gravite peche li.

\_\_\_\_\_ Premye etap nan avètisman lòt moun se pouw ale dirèkteman devan legliz la.

\_\_\_\_\_ Li enpòtan pou ekzamine pwòp vi pa ou avan ou ale avèti lòt moun.

## 11èm etap

# Se pou youn salye lòt Ofri ospitalite (bon manyè)



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Legliz la se yon lye kote nou an relasyon oubyen an kominyon avèk lòt kreyen, se pa sèlman yon lye pou resevwa ansèyman.
- \_\_\_ Pawòl nou yo kapab reyèlman ankouraje lòt moun.
- \_\_\_ Anpil kreyen gen swaf pou yo gen yon relasyon avèk lòt yo.

### SE POU YOUN SALYE LOT

1. Gen yon bon abitud ki dekri nan Women 16:16. Ki abitud sa ? \_\_\_\_\_

« Sen beze » an se te yon mwayen ke kreyen yo, youn te konn salye lòt nan ansyen tan (tan bibli).  
Wi, salitasyon yo varye de kilti an kilti, men yon « sen beze » dwe se yon salitasyon ki vrèman cho —  
pèsònèl epi sensè.

2. Premye wè Kolosyen 4:7-18 lan, pat vrèman parèt enteresan; men aprè tout obsèvasyon, li eklere nou  
sou fason nou dwe fè yon sèl youn ak lòt avèk lòt kreyen yo. Reponn a kesyon sa yo, pandan nap baze  
nou sou pasay sa.

Ki diferan bagay ki nan pasay sa? \_\_\_\_\_

3. Poukisa pasay sa nan LaBib ? Kisa li ka anseye nou ? \_\_\_\_\_

4. Panse ak pasay sa, epi di si deklarasyon sa yo VRÈ oubyen FO.

- \_\_\_ Pòl te vrèman renmen kreyen Kòlòs yo.
- \_\_\_ Salitasyon tankou sa yo la, pat gen yon lòt pi bon koutwazi ke sa ; anfen, yo pa  
ale nan reyalite bagay yo.(yo pa gen fon).
- \_\_\_ Sa te difisil pou Pòl te sonje non moun yo.
- \_\_\_ Pòl te genyen bon jan relasyon pastoral ak kreyen Kòlòs yo.
- \_\_\_ Pòl te enterese ak ansèyman LaBib, san pou otan li menm pèsònèlman pa enplike  
nan lavi moun yo.
- \_\_\_ Pòl prefere ret sèl epi li pat gen anpil pasyans anvè lòt moun yo.
- \_\_\_ Pòl itilize salitasyon sa yo pou estimile ak ankouraje frè yo.



5. Escreva algumas palavras de estímulo que Paulo usou:

v. 7 \_\_\_\_\_

v. 9 \_\_\_\_\_

v.11 \_\_\_\_\_


v. 12 \_\_\_\_\_

v. 14 \_\_\_\_\_



Gen kèk moun ki vyole fason pou resevwa lòt moun nan. Reflech sou pwovèb Swahili (afriken) sa.

« Trete moun ki vin lakay ou an tankou yon moun ki vin lakay ou an pandan de jou, sou twazyèm jou an, ba li yon wou. »



## AFÈMISMAN

**Li Jenèz 43-50 semèn sa**  
(yon chapit pa jou).

**Memorize 1 Pyè 4:9.**

« Se pou nou youn resevwa lòt lakay nou, san plenyen. »



Kisa lòt moun di de zafè ou la ?

Èske moun ka abòde w oubyen ou gen senpati pou moun ; oubyen ou di moun ,oubyen ankò frèt?

Evalye tèt ou menm menm sou yon echèl de 1-5. Frèt 1 2 3 4 5 Senpatik

## CHACHE RESEVWA MOUN

6. Selon 1 Pyè 4:9, nou dwe \_\_\_\_\_ san \_\_\_\_\_.

Menm si nou trete lòt moun byen, se eta figi nou ye a kap revele si wi oubyen non nou resevwa lòt moun lakay nou avèk yon kè sensè oubyen non.

7. Kisa ki yon ospitalite tout bon? Pou reponn kesyon sa, panse ak deklarasyon sa yo epi deside pou wè si yo VRÈ ou FO.

\_\_\_ Resevwa lòt lakay nou ekzije nou, pou nou konn fè yon bon tas kafe.

\_\_\_ Resevwa lòt lakay nou, se yon kapasite pou fè moun yo santi yo lakay yo.

\_\_\_ Li enpòtan pou nou gen yon bèl mezon (kay) pou pèmèt nou envite lòt moun vin lakay nou.

\_\_\_ Resevwa lòt lakay nou, se yon bagay ki soti nan kè. Se yon mwayen pou w eksprime lanmou pou lòt yo.

\_\_\_ Moun ki konn resevwa moun lakay yo, akeyi envite lakay yo san mande si yo ap akeyi yo konsa tou.

\_\_\_ Resevwa lòt la mande yon espri pou w bay ak tout kè, men se pa nesesè pou nou depanse anpil lajan.

\_\_\_ Kit ou vle l ou non, li mande nou se pou nou konn resevwa moun lakay nou.

\_\_\_ Konn resevwa moun lakay ou pa vle di nesesèman pou w envite moun vin nan kay la.

8. Anpil moun ap viv sèl, petèt se paske yo pa gen fanmi ak zanmi. Menm sa yo ki gen « zanmi » yo konn souvan santi pou yo te rete pou kont yo ke pou yo te santi pouse viv ak moun. Se pou rezon sa menm, konn resevwa moun lakay ou enpòtan, paske sa ap fè yo santi ke gen moun ki enterese avèk yo. Yo vini legliz pou vini chache Bondye men yo chache gen relasyon avèk lòt moun tou.



Kòman yo akeyi vizitè yo nan Legliz ou a ?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


Ekri kèk fason nou ka fè ki kapab moutre vizitè yo, yo vrèman byen vini Legliz ou an.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



# Apéndice 1

Recorte sobre as linhas ponteadas. Memorize esses versículos.

<p>Etap 4 1 Tesalonisye 5:11. « Se poutèt sa, an nou yonn ankouraje lòt, yonn ede lòt, jan nou déjà ap fè / la. »</p>	<p>Etap 8 Women 15:1-2. « Nou menm kifò nan konfyans nou nan Bondye, se pou nou ede sa ki fèb yo pote feblès yo. Nou pa dwe ap chache sa ki fè nou plezi sèlman. Okontrè, se pou nou chak chache fè frè parèy nou plezi pou byenl, konsa na fèl grandi nan konfyans li nan Bondye. »</p>	<p>Etap 11 1 Pyè 4:9. « Se pou nou youn resewa lòt lakay nou, san plenyen. »</p>
<p>Etap 3 Jan 13:35 « Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwèn nou ye. »</p>	<p>Etap 7 Efezyen 4:32. « Okontrè se pou nou aji byen youn ak lòt, pou nou youn padone lòt, menm jan Bondye te padone nou nan Kris lan. »</p>	<p>Etap 10 Galat 6:1. « Frèm yo, si nou bare yon mou ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen lespri Bondye a na kè nou, se pou nou metel nan bon chemen. Men, fè sa avèk dousè. Epi nan menm bò pa nou, veje kò nou pou nou pa tonbe anba tantasyon tou. »</p>
<p>Etap 2 1 Jan 3:16 « Men sa ki fè nou konnen sa renmen ye : Jezi Kri bay lavi li pou nou. Se poutèt sa nou menm tou, se pou nou bay lavi nou pou lòt frè nou yo. »</p>	<p>Etap 6 Efezyen 4:2. « Pa janm vante tèt nou. Aji avèk dousè ak pasyans ak tout moun. Se pou nou yonn sipòte lòt avèk renmen nan kè nou. »</p>	<p>Etap 9 Ebre 3:13. « Okontrè, chak jou, se pou nou youn ankouraje lòt toutotan nap viv nan epòk liv la rele jodi a. piga nou youn kite peche detounen nou, pou lè sa nou pa rive nan kenbe tèt ak Bondye. »</p>
<p>Etap 1 Lik 6:31. « Tout sa nou va vle lòt moun fè pou nou, fè l pou yo tou. »</p>	<p>Etap 5 Galat 5:13. « Kanta nou menm frè m yo, Bondye rele nou pou n te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè. Okontrè se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt. »</p>	

## Referans:

1. 6000 Sermon Illustrations, ed. Elon Foster (Grand Rapids, MI: Baker Book House), 1992 p. 309
2. Albert Schweitzer
3. William Arthur Ward
4. *Today in the Word, March 6 1991*
5. Albert Schweitzer
6. James Packer in Your Father Loves You, Harold Shaw Publishers, 1986
7. William Walton
8. Paul Boese
9. Lee: The Last Years, by Charles Bracelen Flood
10. *Bits & Pieces*, October 15, 1992, p. 13
11. Francis Bacon
12. Goethe
13. Arnold H. Glasow

# SÈTIFIKA


Sètifika sa a akòde a

Poutèt li te tèmine avèk satisfaksyon tout leson yo ki sou kou

## **Nouvo Lavi a nan Kris, Volim 3**

**Viv ansanm avèk lòt yo**

*« Tout sa nou va vle lòt moun fè pou nou,  
Fè l pou yo tou. » Lik 6:31*



Pastè/Pwofesè

Dat